



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN DE NOUYÒKÈ POU PRIM POU REKONÈT
ANPLWAYE LEKÒL ENSPIRAN DEPATMAN EDIKASYON ETAZINI AN**

Prim lan onore anplwaye lekòl yo ki bay elèv yo sèvis egzanplè

*Yo nonmen anplwaye Distri Lekòl Vil Buffalo a ak Distri Lekòl Vil Newburgh
Enlarged pou pèfòmans eksepsyonèl*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te nonmen de anplwaye lekòl piblik New York pou Prim pou Rekonèt Anplwaye Lekòl Enspiran (Recognizing Inspiring School Employees Award) Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education), ki se yon prim federal pou onore anplwaye lekòl ki klase yo ki bay elèv yo sèvis egzanplè. Nomine yo gen ladan Bridget O'Brien-Wood, Direktè Sèvis Nitrisyon Timoun pou Distri Lekòl Vil Buffalo a, ak Patricia Coyne, Kowòdonatris Transpò pou Distri Lekòl Vil Newburgh Enlarged la.

"Soti nan sèvis sante ak travayè transpò, tout anplwaye lekòl yo ap jwe yon wòl esansyèl nan kenbe lekòl nou yo an fonksyon ak nan kenbe elèv nou yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen onore pou m rekonèt de moun sa yo pou lidèchip ak angajman yo genyen pou kreye anviwonman lekòl kote elèv yo ka aprann ak pwospere. Chak jou, yo prezante pou timoun nou yo epi yo merite pou yo rekonèt ak selebre yo pou travay di pa yo."

Prim RISE la rekonèt anplwaye lekòl ki klase yo, ki gen ladan parapwofesyonèl, sèvis biwo ak administratif, sèvis transpò, sèvis sante ak elèv, sèvis teknik, ak metye kalifye, ki bay elèv yo sèvis egzanplè. Sekretè Edikasyon an pral chwazi yon kandida pou resewa prim RISE la nan sezon prentan k ap vini an.

Bridget O'Brien-Wood se Direktris Sèvis Nitrisyon pou Timoun nan Distri Lekòl Vil Buffalo, ki se dezyèm pi gwo distri lekòl nan Eta New York, pou 30 ane ki sot pase yo. Li jere yon ekip 460 anplwaye pou administre pwogram manje dine, dejene, kolasyon ak repa pandan ete nan lekòl federal ki bay timoun Buffalo yo manje gratis nan 87 bilding lekòl yo (lekòl piblik, ki pa piblik, lekòl piblik endepandan yo) ak 124 lokal pandan ete. Pandan pandemi an, Bridget te travay san pran souf pou asire fanmi distri a te gen aksè ak manje nourisan pandan fèmte lekòl yo.

Kòm Kowòdonatris Transpò pou Distri Lekòl Vi Newburgh Enlarged, **Patricia Coyne** asire ke transpò pa janm yon baryè nan edikasyon yon elèv oswa pou patisipasyon nan aktivite andeyò kourikoulòm yo. Li travay ak elèv yo, paran yo, administrasyon ak anplwaye lekòl yo, ak kontraktè transpò yo pou dirije otobis yo avèk efikasite epi asire elèv yo ale ak soti lekòl san danje. Anplis transpòtasyon lekòl chak jou, li travay ak pwogram ete yo, ekip atletik yo, ak biwo kourikoulòm ak enstriksyon pou transpò nan pwogram apre lekòl, pwomnad, ak evènman espòtif yo. Li ap devlope tou yon nouvo pwogram entwodiksyon transpò pou elèv yo soulaje enkyetid ak edike sou sekirite otobis yo, epi travay sere ak fanmi yo pou asire transpò elèv yo ki an sekirite ak fyab.

Depatman Edikasyon Etazini an te envite gouvènè chak eta pou nonmen jiska de kandida chak ane. Yo te chwazi kandida ki soti nan New York dapre pèfòmans travay yo, enplikasyon lekòl ak kominote a, lidèchip ak angajman, sipò lokal, ak amelyorasyon imaj anplwaye lekòl klasife yo nan kominote a ak nan lekòl yo.

Komisè Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Lekòl nou yo pa t ap kapab fè travay enkwayab yo fè san manm pèsònèl enpòtan yo ki jwe wòl kle nan kreye anviwònman ki ankouraje siksè, sekirite, ak sante elèv yo. Mwen rekonesan anvè ewo ki nan premye liy sa yo tankou Patricia Coyne ak Bridget O' Brien-Wood ki konsakre tèt yo pou asire elèv yo gen sa yo bezwen pandan jounen lekòl la epi ki se yon pati esansyèl nan fondasyon kominote lekòl yo."

Rektè Konsèy Administrasyon Eta New York la, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Travay pèsònèl sante lekòl, transpòtasyon, sèvis manje, ak antretyen pèmèt pwofesè yo anseye ak elèv yo aprann. Jèn yo pa ka reyalize tout potansyèl yo si yo grangou oswa si yo pa ka ale nan klas yo. Bridget O'Brien-Wood ak Patricia Coyne asire ke elèv yo pare pou aprann, epi mwen kontan anpil pou m felisite yo. Sipò ak devosyon manm pèsònèl enkwayab sa yo ede bay opòtinite ki pral pèmèt tout timoun nou yo ale lwen nan limit ke espwa yo ak rèv yo ap mennen yo."

###